

Dwa ak Responsablite Patisipan Pwogram WIC

Mwen te resevwa enfòmasyon sou dwa ak responsablite m antanke patisipan Pwogram WIC. Mwen konprann mwen gen dwa pou:

- *Resevwa tretman san paspouki e avèk respè nan men anplwaye WIC ak anplwaye nan magazen yo.*
- *Fè enfòmasyon mwen bay anplwaye WIC yo rete prive. Yo pap divilge yo bay pèsonn andeyò Pwogram WIC la san pèmasyon m.*
- *Resevwa edikasyon sou nitrasyon ak enfòmasyon sou swen sante e lòt sèvis itil.*
- *Sèvi ak nenpòt ki makèt oubyen famasi nan Eta New York ki otorize aksepte WIC.*
- *Resevwa yon pake manje ki koresponn ak bezwen nitrasyon mwen, oswa bezwen nitrasyon timoun mwen an.*
- *Mande yon transfè nan yon lòt ajans WIC nan zòn lan.*
- *Pou yo ekri m pou di m kilè ak poukisa benefis pwogram WIC mwen yo ap fini.*
- *Mande yon odyans san patipri si mwen pa dakò avèk desizyon konsènan kalifikasyon m.*

Enfòmasyon mwen te bay pou wè si mwen kalifye pou Pwogram WIC la kòrèk, dapre sa mwen konnen. Mwen konprann:

- *Pwogram WIC nan Eta New York kapab otorize yo pataje enfòmasyon WIC mwen yo avèk pwogram sante ak edikasyon espesyal tankou Medicaid, SNAP, TANF ak Pwogram Asistans Swen Timoun. Ajans lokal ak ajans Eta WIC ak òganizasyon piblik yo pral itilize enfòmasyon sa yo sèlman nan kad administrasyon pwogram yo ki la pou moun ki kalifye pou pwogram WIC lan. Pwogram sa yo kapab itilize enfòmasyon sa a nan objektif annapre yo: pou detèmine kalifikasyon m pou pwogram yo genyen yo; pou ban mwen enfòmasyon sou pwogram sa yo epi pèmèt pwosesis aplikasyon an fèt pi fasil; pou amelyore sante m, edikasyon m oswa byennèt mwen si m deja enskri nan pwogram yo; epi pou asire yo mwen jwenn swen sante m bezwen.*
- *Anplwaye Pwogram WIC yo kapab verifiye enfòmasyon mwen te bay yo pou wè si yo kòrèk. Yo kapab kontakte patwon mwen yo oubyen lòt sous konsènan revni mwen. Yo kapab jwenn dosye taks nan men Depatman Taksasyon ak Finans NYS. Lè y ap deside si mwen ka patisipe nan pwogram WIC la, yo pap mande enfòmasyon pou plis pase 12 mwa anvan mwen te aplike. Si y ap gade pou wè si mwen te vyole regleman WIC, yo ka mande enfòmasyon pou nenpòt peryòd kote mwen te resevwa benefis WIC.*
- *Si m ap demenaje, mwen dwe enfòm ajans WIC nan zòn mwen an sou chanjman nimewo telefòn mwen, chanjman revni nenpòt moun lakay mwen, oswa si mwen vle chanje pou ale nan yon lòt ajans WIC nan zòn nan.*
- *Si mwen pa di laverite oubyen si mwen cache enfòmasyon pou mwen ka jwenn benefis WIC, mwen kapab oblije remèt Eta a benefis mwen pat kalifye pou li a. Eta New York oswa otorite federal yo kapab mennen m tribinal tou.*
- *Mwen kapab enskri nan yon sèl Pwogram WIC. Mwen konfime mwen pa enskri kounye a nan okenn lòt pwogram WIC.*
- *Manje WIC yo, se sèlman pou manm fanmi k ap patisipe nan pwogram lan. Mwen pa kapab vann, ofri pou vann, oubyen fè kado benefis WIC yo nan okenn fason.*
- *Si pake manje m lan bezwen chanje oswa yo dwe sispann li pou yon ti tan, m ap rele biwo WIC nan zòn mwen an.*

Mwen konnen ajans WIC nan zòn mwen an ap rann sèvis sante ak nitrasyon yo disponib pou mwen, epi mwen jwenn ankourajman pou m patisipe nan sèvis sa yo.

Mwen konnen prensip pou kalifikasyon ak patisipasyon nan Pwogram WIC la se menm bagay pou tout moun, kèlkeswa ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks.

swit



**Department
of Health**

Mande yon Odyans san Patipri

Si yo te rejte aplikasyon w te fè pou benefis yo oubyen yo te sispann benefis ou yo, ou gen dwa a yon odyans san patipri. Yon odyans san patipri se okazyon pou w di jij la pou kisa w panse desizyon an pa kòrèk. Yo dwe mande odyans lan 60 jou apati dat yo te rejte aplikasyon w lan oubyen lè yo te di w benefis ou yo ap sispann lan. Si w pa fè demann lan nan dèlè 60 jou a, w ap pèdi chans pou w genyen yon odyans san patipri,

Yon peryòd sètifikasyon se kantite tan ou te pral jwenn benefis WIC yo. Si yo sispann benefis ou yo nan mitan peryòd sètifikasyon an epi ou mande yon odyans nan 15 jou, benefis WIC w yo ap kontinye jiskaske rezilta odyans lan soti oswa jis nan fen peryòd sètifikasyon an, kèlkeswa sa ki rive anvan. Mande yon odyans nan ajans WIC ki nan zòn ou an (anplwaye yo ap ede w) oswa kontakte Pwogram WIC NYS lan.

kourye:	WIC Program Director NYSDOH, Riverview Center 150 Broadway, 6th Floor Albany, NY 12204	# Telefòn:	(518) 402-7093;
		Faks	(518) 402-7348; oswa
		imèl:	NYSWIC@HEALTH.NY.GOV

Sa se deklarasyon ki sètifye ke Mwen te siyen nan sistèm enfòmasyon la anvan mwen te resevwa benefis WIC mwen yo:

Yo te fè m konnen dwa m ak devwa m nan Pwogram WIC la. Mwen sètifye enfòmasyon mwen te bay pou yo detèmine elijibilite m lan konplè e kòrèk dapre sa mwen konnen. M ap bay enfòmasyon sa yo pou m resevwa benefis program WIC e mwen konnen otorite ajans eta yo oswa lokal yo kapab verifye enfòmasyon sa yo si sa nesèsè nan kontakte anlwaye yo oswa lòt sous konsènan revni mwen, ak/oubyen chèche jwenn dosye taks mwen yo nan Depatman Taksasyon ak Finans NYS. Mwen espesyalman otorize pou yo pibliye dosye taks mwen yo nan Depatman Taksasyon ak Finans NYS pou rezon sa a, ki kapab genyen ladan l kèk enfòmasyon sou travay anlwaye yo te bay Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York nan sa ki konsène Nouvo Anplwaye ak enfòmasyon sou Rapò Salè. Mwen konprann fo deklarasyon pa eksprè kapab lakoz yo pou suiv mwen nan tribinal sivil oswa kriminel dapre lalwa eta la ak/oubyen lalwa federal. Fo deklarasyon pa eksprè genyen ladan l, men pa sa sèlman, falsifikasyon volontè, kache oubyen pa di revni kay la, kantite moun kay la genyen, done medikal, Eitati Medicaid ak kote mwen abite. Mwen konnen tou ke lèm fè yon fo deklarasyon oubyen yon deklarasyon ki gen erè, kache oubyen retire eleman ki kapab lakoz mwen diskalifye e yo kapab egzije m remèt lajan benefis program WIC la ke mwen te pran enjisteman, yo p ap bezwen konnen si m te vle oubyen pa t vle jwenn benefis yo nan move kondisyon. Pou fini, mwen konprann mwen kapab enskri nan yon sèl Pwogram WIC. Mwen sètifye mwen pa enskri kounye a nan okenn lòt pwogram WIC. Mwen mande pou yo ban m benefis yo jodi a.

Ann amoni ak lwa federal sou dwa sivil yo ansanm ak règleman epi politik Depatman Agrikilti Etazini (USDA) sou dwa sivil yo, yo entèdi enstitisyon sa a fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (tankou idantite seksyèl ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite sou dwa sivil ki pase deja.

Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram nan disponib nan lòt lang ki pa Anglè. Moun ki gen andikap ki bezwen yon lòt mwayen kominikasyon pou yo jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), dwe kontakte ajans lokal oswa Eta ki ap jere pwogram nan oswa USDA TARGET Center nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa kontakte USDA pa mwayen Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent kont diskriminasyon nan pwogram nan, Moun ki pote plent lan dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Fòm USDA Pou Pote Plent Kont Diskriminasyon, li kapab jwenn anliy sou: <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/USDA-OASCR%20P-Complaint-Form-0508-0002-508-11-28-17Fax2Mail.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè li rele (866) 632-9992, oswa lè li ekri yon lèt voye bay USDA. Nan lèt la dwe gen non, adrès ak nimewo telefòn moun ki pote plent lan, ak yon esplikasyon alekri ki gen ase detay sou swadizan aksyon diskriminasyon an pou fè Sekretè Adjwen pou Dwa Sivil la (Assistant Secretary for Civil Rights, ASCR) konnen nati ak dat swadizan vyolasyon dwa sivil la. Li dwe soumèt fòm AD-3027 li ranpli a oswa lèt la bay USDA nan:

- (1) kourye lapòs: U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410;
- (2) faks: (833) 256-1665 oswa (202) 690-7442; oswa
- (3) imèl: program.intake@usda.gov.

Enstitisyon sa a bay tout moun menm posiblite.

Pou lòt plent oswa pou mande yon kontak Odyans san Patipri:

- (1) kourye lapòs: WIC Program Director
NYSDOH, Riverview Center
150 Broadway, 6th Floor
Albany, NY 12204; oswa
 - (2) telefòn: (518) 402-7093; faks (518) 402-7348; oswa
 - (3) imèl: NYSWIC@HEALTH.NY.GOV
-